## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

### Халық билимлендириў министрлиги системасындағы улыўма орта билим бериў мектеплери хызметкерлериниң лаўазым мәжбүриятларын тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 19-февральдағы «Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги туўралы Режени тастыйықлаў ҳаққында»ғы 146-санлы қарарына муўапық қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 1-июльдеги 206-санлы буйрығын басшылыққа алыў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде **буйыраман:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 1-июльдеги «Халық билимлендириў министрлиги системасындағы улыўма орта билим бериў мектеплери хызметкерлериниң лаўазым мәжбүриятларын тастыйықлаў ҳаққында»ғы 206-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Жоқарыдағы буйрық пенен:

улыўма орта билим бериў мектеплери хызметкерлериниң үлги лаўазым мәжбүриятлары қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

улыўма орта билим бериў мектеплеринде жумыс бөлистирилиўиниң үлги лаўазым мәжбүриятларына көре тастыйықланыўы ҳәм де хызметкерлердиң жумысларын усы талаплар тийкарында әмелге асырылыўын тәмийинлесин.

4. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а К.Бекбаулиевқа жүклетилсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI *

Нөкис қаласы,
2021-жыл «05» Июль
№ 166